Ассаламу гIалайкум!

ГЪУДУЛЛЪИ

№ 8
(9163)

2010 соналъул
26 январь

ТАЛАТ

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

КИНАБ БУКIАРАБ АРАБ СОН



Гъединаб суал нижее кьунани, гьадин абилаан: араб сон баракатаб ва гIадамал, хасго чIахIияб гIел, разияб букIанилан. Нилъедасан Аллагьги разияблъун букIун батаги гьеб.

Улкаялъулго роценалда абуни Россиялъул Федерациялъ ракIчIарал бергьенлъаби росана халкъазда гьоркьосеб политикаялъул ва Россиялъул халкъазда гьоркьосеб къимат борхизабиялъул рахъалъ. Гьединго араб соналъги кIудияб бутIа лъуна цебесеб гIасруялъул ункъоялда анцIабилел соназда тIубанго биххиялъул хIинкъиялде ккун букIараб улка цIигьабиялъе гIоло гьабулеб бугеб къеркьеялъулъ. Доб СССРалъул соназул лъикIаб заманалдаго гIадин Россиялъулгун кIудияб хIарпалдалъун кIалъалеб къагIида щулалъизабиялъулъги мустахIикъаб бутIа лъуна араб 2009 соналдаги.

Араб сон глобальнияб тIолгодунялалъулаб кризисалъул букIаниги РФялъул Президент Д.А. Медведевасул ва ХIукуматалъул бетIер В.В. Путинил стратегияб нухмалъиялъул хIасилалда гьеб кризисалъулаб сон ана цогицогидал улкабазе гIадин экономикиябгун социалияб бутIабазда чIахIиял заралал ккечIого. Гьелъул гIаксалда пачалихъалъ цIикIкIунги тIуразаруна жиндирго социалиял планал ва тIадеросиял. Лъеберал да хадуб проценталъ цIикIкIана пенсиялъул базовияб роцен. Гьаб ЦIияб 2010 соналъул тIоцебесеб январалдаса гьебго пенсиялъул страховияб бутIа цIикIкIинабуна 46 проценталъ. Араб соналъул сентябралдаса байбихьун бюджеталъул миллионал хIалтIухъабазул моцIрол харжал цIикIкIинаруна 15 проценталъ. Гьанир рехсолел гьечIо цогидалги социалиял гIарцал (выплатаби) цIикIкIиналъул хIакъалъулъ. Жеги цIикIкIана кIигоялдаса цIикIкIун лъимал гьариялъухъ кьолеб РФялъул Президентасулаб грантлъун кколеб гIарацги.

Араб соналъул декабралъул ахиралда РФялъул хIукуматалъул бетIер В. Путиница хIукму гьабуна 1992 соналде щвезегIан Россиялъул Сбербанкалда цIунун рукIарал гIарцазул компенсация кьезе лъабабилеб нухалъги. Байбихьуда гьеб кьезе 1945 соналде щвезегIан гьаруразе.

Араб сон улкаялъе лъикIаб букIана магIишаталъул рахъалъги. Кидагоялдасанги цIикIкIун бакIарана тIощел, хIалтIизе кьуна нус-нус промышленниял къуватал (мощностал).

Жеги къуватаблъун, жеги гучаблъун лъугьана улкаялъул хIинкъигьечIолъиялъул къолден-Россиялъул армия, цIилъана ва жиндирго къуват бихьизабулеб буго ункъоялда анцIабилел соназ накабазде ккун букIараб Россиялъул рагъул Ралъдал Флоталъ.

(Ахир 2-аб.гьум)

БАРКУЛА!



УКАЗ

ПРЕЗИДЕНТА РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН

О присвоении почетных званий
Республики Дагестан

За заслуги в области образования и многолетний добросовестный труд присвоить почетные звания:

«Заслуженный учитель Республики Дагестан»

Абакаровой Маржанат Абакаровне – заведующей методическим центром управления образования муниципального образования «Ботлихский район»

ГIумру халкъияб лъай кьеялъе сайгъат гьабулей Маржанатида ракI - ракIалъ баркулеб буго хIурматияб цIар!

ПОСТАНОВЛЕНИЕ

18 ЯНВАРЯ 2010г. №1с. БОТЛИХ

О подготовке и проведении в МО «Ботлихский район» 65-й годовщины Победы в ВОВ 1941-1945 г.г

В целях подготовки и организованного проведения 9 мая 2010 года торжественных мероприятий, посвященных 65-й годовщине Победы в Великой Отечественной войне 1941-45 годов, **постановляю:**

1 Образовать организационный комитет по подготовке и проведению праздничных мероприятий в составе:

-Рамазанов Д.Р. – глава МО «Ботлихский район» - председатель оргкомитета;

-Балдугов Л.М-глава администрации МО «Ботлихский район»-зам. председателя оргкомитета;

-Ибрагимов А.М.- первый заместитель главы администрации;

-Заурбеков Д.А.- заместитель главы администрации;

- Муталипов А.А. заместитель главы администрации; -

Абдулдибиров А. М. – заместитель главы администрации по общественной безопасности;

- Гамзатов Р.С.- руководитель аппарата администрации;

-Агларов А.М.- ВРИД начальника отдела Военкомата РД по Ботлихскому району (по согласованию);

- Омаров М.Г. – начальник управления культуры и МРР;

Абдуразаков М.М. – начальник ОВД по Ботлихскому району (по согласованию);

- Измаилов Г.М. – начальник управления образования;

- Абдурахманов А.А. – главный врач ЦРБ;

- Курбанов А.Г. – начальник УСЗН в МО «Ботлихский район» (по согласованию);

- Рамазанов М.Р. – начальник УОПФР по РД в Ботлихском районе (по согласованию);

- Алиева П.Б. – начальник архивного отдела;

- Ибрагимов Д. М. – начальник отдела по работе с СПРО и О;

- Дибиров Т. М. – начальник отдела по ФК и С;

- Рашидов А.М.- директор МУ «РВК Ботлих»;

-Умаханов У.А,- директор МАУ «ГТРК»;

_Саульгин В.А, - зам. командира бригады по воспитательной работе воинской части №22179 (по согласованию);

-Окиев И.К.- глава МО «Сельсовет Ботлихский» (по согласованию);

- Дамаданова С.Н. – зам. директора ГУ КЦСОН в МО « Ботлихский район» (по согласованию) ;

-Асламханов А.М. – ген. директор ОАО « Ботлихское ДЭП №7 (по согласованию);

-Расулов Ш.Х. - начальник Ботлихских РЭС (по согласованию);

- Шахбанов К.А. председатель районного Совета ветеранов (по согласованию);

- Алиев Н.Ш. – председатель Совета старейшин при главе МО «Ботлихский район»;

- Лабазанов Ш.Ш.- ведущий специалист по работе с детьми и молодежью.

2 Оргкомитету разработать и утвердить программу подготовки и проведения праздничных мероприятий 9 мая 2010г.

3 Администрации района при формировании районного бюджета на 2010 год предусмотреть средства на проведение праздничных мероприятий и оказание мер социальной поддержки ветеранам ВОВ.

4. Контроль за исполнением настоящего постановления оставляю за собой.

Глава района Д. Рамазанов

КИНАБ БУКIАРАБ АРАБ СОН

(Байбихьи 2-аб.гьум)

Араб соналдаги улкаялда бергьенлъиялда гIумруялде рахъинарулел рукIана «Сахлъи», «Лъай кьей», «Минаби рай ва росдал магIишатгун промышленность» гIадал миллиял проектал.

Гьединаб соналде лъикIабин абичIого, гьелдасан чIухIичIого кинха рукIинел.

Гьединабго бергьенлъабазулаблъун букIана араб сон нилъер районалъеги. Чамго соналъ цебеги МахIачхъалаялдасан Болъихъе щвезегIан рачIунаго нухдасан бачIараб хIуралъ гьабигьанасда релълъун рукIунаан нилъер гIадамал. Араб соналда гьеб нухалъул тIолабго халалъиялде хъил тIун лъугIинабуна. Къасиги къадги хIалтIулел рукIана генусезул туннель къачIаялда. Цого хIуралдасан цIуни гуребги МахIачхъала-Болъихъ нух къачIаялъул, гьелде хъил тIеялъул гIемерал пайдаял рахъал руго.

ТIоцебесеб иргаялда нухазда хIинкъигьечIолъи, бензин дагь бухIи, юк баччулел машинабазда гIурабго юк лъезе рес щвей, гьедин бугониги рессорал рекиялъул хIинкъигьечIолъи ва нухда балеб заман дагълъи. Гьел киналго бигьалъаби цIикIкIун асар гьабулел рукIине руго, узухъда, туннель къачIан лъугIиндал. Иншааллагь, гьаб соналда гьеб хIалтIизе кьезе бугилан абулеб буго.

Араб сон районалъе букIана чIара-хьараб ахIвал-хIалалъул. Абизе ккола, гьеб гьединаблъун букIиналъе квербакъи гьабунин районалъул бетIерасул хIаракатчилъиялда тIоритIарал гIемерал жамгIиялгун гIуцIалилал тадбираз.

Росабазул жамагIатазул, рагъулгун захIматалъул ветераназул хIаракатчилъи, къадру ва гIакълу балагьизабун букIана гIадамазда гьоркьоб вацлъи, гьудуллъи ва гIаданлъи щула гьабиялде, гIун бачIунеб гIелалъе нилъер умумузул сабруялъулгун гIаданлъиялъул, чIахIиязул адаб-хIурмат, гIисиназул тIалаб-агъаз гьабиялъул рухIалда тарбия кьеялде. Гьединабго мурадалде балагьизабун букIана росабазул гIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьеялъул рахъалъ церехъабилъун кколел росабазул школазул педколлективазул, диниял церехъабазул ва районалъул бетIерасул хIаракатчилъиялда росабалъ гIуцIун ругел гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул гIолилазулал советазул хIаракатчилъи.

Узухъда, лъикI букIина гьел киназулго гьеб хIаракатчилъи ЦIияб соналда жеги цIикIкIун хIаракатаблъун гьабуни. Щай гурого, районалда социалиябгун политикияб, гьудуллъиялъулабгун вацлъиялъулаб ва жамгIияб рахъалъ чIара-хьараб хIал букIин ва цадахъ рекъон иш гьаби букIана ва букIине буго нилъер район экономикиябгун социалияб ва интеллектуалияб рахъалъ цебетIеялъе ва гьелдаго цадахъ районалъул гIадамазул гIумру лъикIлъизабиялъеги гьеб хIинкъи гьечIеблъун букIиналъеги кьучIлъун.

Гьединго, узухъда, гIемериселъ гьеб барабги букIине буго халкъалъ божилъиги гьабун властал-де кколел чагIазул нравственнияб борхалъиялда, гьез билъанхъизабулеб политикаялъулги мухъалъулги ритIухълъиялда, гьеб цо рахъалъулаб гьечIолъиялда, росабазул мурадал ращадго тIуралел рукIиналда. Ва гьединго учреждениязулгун организациязул нухмалъулезул бацIцIадаб ва ритIухъаб хIалтIуда.

Араб сон районалъе букIана кIицIулго рохалилаблъун. Гьеб соналъул 26 сентябралда районалъ 80 ва 1999 соналъул августалда хъачагъазда тIад бергьенлъи босаралдаса-10 сон тIубаялъул юбилеял кIодо гьари лъугьана нилъер гIадамазул патриотизмалъул, гьудуллъиялъулгун вацлъиялъул хал гьабилъун. Абизе ккола, гьеб хал гьаби нилъеца «отлично» къиматалда цIунанин. Нилъеда гуребги гьеб жидерго бераздалъун бихьана республикаялдасан ва Россиялъул батIи-батIиял регионаздасан нилъер рохел бикьизе рачIун рукIарал къадруял гIемерал гьалбадеридаги. Нилъер гьоболлъиялъги, гIадлунизамалъги, ВатIаналде ва жидерго ракьалде бугеб рокьиялъги гьезие кIудияб асар гьабуна. Гьелъул хIакъалъулъ жакъаги гьоркьоса къотIун гьечIо районалъул бетIер Ж. Рамазановасухъе рачIунел баркалабазул кагътал.

Араб сон районалъе бергьенлъабазулаблъун букIиналъе цо гьадинаб далил бачаниги гIела. Араб соналъул декабралъул ахиралда нилъер районалде вачIун вукIана ДРялъул Министрзабазул Советалъул Председателасул заместитель Ризван ГъазимухIамадов цадахъ гIезегIанго официалиял гIадамалгун. Киназего баянаб букIахъе, гьес районалъул Культураялъул рукъоб букIараб районалъул захIматалъулал коллективазул вакилзабазул рохалилаб собраниялда районалъул бетIер Ж. Рамазановасухъе кьуна 2008 соналда социалиябгун экономикияб рахъалъ республикаялъулаб конкурсалда нилъер районалъ тIоцебесеб бакI кквеялда хурхараб диплом. Гьединаб дипломалъе район ахираб 15-20 сонида жаниб тIоцебе мустахIикълъана.

Гьениб захIматалъулаб бутIа бугелщиназда ракIракIалъго баркула гьеб кIудияб бергьенлъи.

Биччанте гьеб букIине унго-унгояб къагIидаялда район ва гьелъул гIадамазул гIумру цебетIеялъе байбихьилъун.

К. ШАГIБАНОВ,
Районалъул ветераназул советалъул председатель.

Ш. ЛАБАЗАНОВ,
Ветераназул советалъул председателасул заместитель.

МУХIАМАДРАСУЛ УРГЪУЛЕВ ВУГО

Гъодобери росдал администрациялъул бетIер **МухIамадрасул ГIумаров** нижер росдае нухмалъи гьабизе вачIаралдасан батIаго гIемер заман гьечIо. Бугониги гьесда кIвана церехун рукIаразда анцI-анцI соназ гьарун бажаричIел, халкъалъе пайдаял, росдал гIадамал разиял ишал гьаризе. Гьес гьарунщинал гIисинал ва чIахIиял хIалтIаби кагътида росизе бакI гIеларо.

Гьес росулъ кидаго букIинчIеб канализация гьабуна, «Корсуб» бана цIияб кьо, чIунтараб школалъе капиталияб ремонт гьабуна. ГIадамазда макьилъ бихьичIеб ясли бана. «Кьерухасан» росулъе чвахулеб лъел мухъазул ремонт гьабуна.

Хисулел руго росулъ турарал токалъул хIубал, хIубазда дализаруна чирахъал. Дагьаб чабах гуро МухIамадрасулица нухазде бараб. Нухал къачIай, гьел берцин гьари-аслияб мурад буго гьесул. Бараб чабах чвахун рарал цIадаз хъамун унеб букIин хIисабалдеги босун, ГIумаровас пилорамаялдасан бахъараб «Одило» щвезегIан нухлул рагIалдасан бетоналъул роцел гьабулеб буго.

Гьаб ккараб кризисалъ мал кьабураб заманалда гIолохъабазе хIалтIи букIинабиялда тIад къасиги къадги ургъулев вуго М. ГIумаров. Гьелъ буго яслиялда сверухъ, жаниб гъираялда хIалтIулел гIолохъаби. ГIадада гуро росдал бетIерас хIисабалде босун бугеб хеккого яслиах хIалтIизе биччазе. Гьеб хIалтIизе биччаялъги руччабазе гIемерал хIалтIулел бакIал щвезе рукIин лъала ГIумаровасда.

Администрациялъул бетIерасул беразда гъоркь буго росдал мажгитги. ГIезегIан кумек гьабуна гьес гьелъие капиталияб ремонт гьабулаго. Гьанже ахиралдаги гьесул жигаралдалъун цIи гьабуна какие чурулеб бакI. МухIамадрасулил анищлъун буго росулъ бугеб аслияб нухдасан хъил тIей, хасго годекIаниб ва конторалда цебе.

ГIужие росарал киналго ишал рекIее бокьухъе тIуразаризе тавпикъ ва сахлъи кьеги дуе,МухIамадрасул ГIумаров!

ГIадамазул гьариялда рекъон гьаб кагъат хъвана

Ш.Къураевалъ.

ИСАНА РАЙОНАЛДЕ ГАЗ БАЧУН ЛЪУГIИНЕ БУГО

2010 соналда Болъихъ ва ЦIумада районазде газ бачун лъугIинабизеян В.В. Путинил план гIумруялде бахъинабиялъе гьабулеб хIалтIи тIадбан унеб буго.

Районалъул росабалъе газ бачунеб букIиналъ гIадамазул рукъо-рукъоб хъахIилаб цIа рекIин гуребги гьеб проекталъ кIудияб квербакъи гьабулеб буго районалъул гIадамал хIалтIудалъун хьезариялъеги.

Газалъул рогIрал регъолел ратарал цо сварщиказ бицана жидее моцIрое щолеб мухь 50 азарго гъурщидасан гъоркье кколарилан.

Амма гьедин бугониги гьенир сварщикал гIолел гьечIилан абуна райгазалъул нухмалъулез.

-Чан рачIаниги сварщикал хIалтIуде росизе руго нижеца,-ян абуна райгазалъул нухмалъулесул заместитель Аминов Муртузица.

Амма гьезухъ рукIине ккола газалъулал хIалтIаби гьаризе ихтияр бугел документал.

Гьединал сварщикал районалда гIолел гьечIолъиялъ райгаз хIажатаблъун ккана гьел хIадурулел хасал курсал рагьизе. Гьел лъугIаразе кьолеб буго махщалилаб свидетельство. Гьедин цIалун рахъарал сварщикал хIалтIуде росизеги рагIи кьолеб буго.

ХIалтIизе ине бокьарал хIадурал сварщикалги ва курсаздаги цIалун сварщикаллъунги рахъун хIалтIизе бокьаралги ине бегьула райгазалъул офисалде (контора). Гьеб буго Микрорайоналда бугеб КБОялъул букIараб минаялъул шагьранухалъул рахъалъ жанире рачIунеб кIиабилеб тIалаялда.

Ш. ГIАЛИЕВ.

ЩАМАТ КЪОЯЛЪУЛ ГЪУМЕР



Хъабчилъги ватулила бахIарчиян абухъего, поэзиялъул гьединав «бахIарчи» загьирлъана нижееги дагьав цеве.

Бокьун буго цIалдолезулги гьесулгун лъай-хъвай гьабизе.

Зило гьавурав, гIурав, хадув МахIачхъала шагьарги гIурус гIелмуги тIаса бищун тIолабго гIумру гьезие сайгъат гьабулев вугев **Къурбанов МухIамад.**

ДГПУялъул мугIалим, гIелмабазул кандидат, Халкъазда гьоркьосеб Халитазул академиялъул член-корреспондент.

Бищун бокьулеб рагIи-**ЧIужу.**

ГIумрудул девиз-**«Никто не герой перед женой».**

Эбелаб анищ-руччабазул обществоялъул Генералияв директор Зелимовасул сахлъи загIиплъарабго, Зиловеги гочун, гьеб миллаталъего кIвар бугеб кIудияб хъулухъ тIаде боси.

МухIамадил творчествоялда аслияб бакI ккколеб буго сатираялъги, бихьиназе свин гьечIеб нурлъун жал ккколел хIурматиял руччабазги.

РЕДКОЛЛЕГИЯ

ГIУНКIКIАЗУЛ ХIУКМУ

Катица лазат бахъун,кIанцIизе бакI тIагIарал
ГIункIазул пикру ккана партийний съезд ахIизе.
Пикрабиги данде ран делегаталги рищун
Регламентги гьаркьий лъун байбихьана бахIсазде.
Бищун хераб хъачIаб гIункI докладалде жубана-
Жиндир наслу тIагIине тIубараб далил бугин:
Гьаб хIалалда зулму-хIал дагьабги халалъани,
Заман бачIине буго гIункIкIазул цIар кIочараб.
ЦIикарал дол беральги, хунжрул гIадал малъалги-
Сахаб къо толеб гьечIо тату хваялъ нилъее.
Хасго гIисинал тIанчIи тIутIун рала копойго,
Ригь арал гъаримазда лал тIамула битIахъе.
ТIубараб сордо-къоялъ, сентIола михъал чорок,
Суд гьечIеб хIукму къотIун, къулчIун уна киналго.
Долъул бугеб лебаллъи, долъул бугеб тирилъи,
Долдаса хвасарлъараб халлъичIо цониги гIункI.
РачIа цадахъ ургъизе, рачIа гIакълу дандбазе,
Дунял рихинабураб рехизе тIаса тушман.
Гьеб хадубги танани, таллагь кIола гьедизе
ГIункIкIазул гьаб къавмалда,къулгьу цIализе буго.
Катикьа рорчIулеб нух гьеб бихьулеб ракьалде
РаккичIого чIей бугин абуна цоги гIункIкIалъ.
Гьелъул пайда щиб, гьудул, нилъ ругеб бакI малгIуналъ
МахI сунтIунги батулин пашманлъана цогидаб.
Къо инегIан гIункIкIаца, бицана, пуна, чIвана
ЧIамучIал докладаца мажлис бигъинабуна.
Киналго кIалъан хадуб, бокIнилъа кверги борхун,
КIалъазе рагIи кьеян цо гIункIкI тIаде бахъана,-
ГIемер дунял бихьараб, бикъарун гIорцIулареб,
Херлъун цаби ортараб, тIомода рас хIулараб:
Дида лъала катие гьабизе ккколеб тадбир
Амма гьеб кутакалда захIматаб суал буго.
Гьеб тIубазе кIванани кIола гарантя кьезе-
Нилъ кидаго, даимго долъухъе ккезе гьечIо.
Роха-хинлъарал гIункIкIаз гIаммаб хоралъ хъат чIвана,
Хекко рецепт бицеян гIундузда хъатал ккуна.
Цо цIодораб куц гьабун, коллегабазде буссун,
Катие ахир лъолеб балъголъи рагьана алъ.
Нилъер «чи» вихьарабго михъал чалух хъитIула,
ХъващтIан тIадеги бахъун, пири гIадин речIчIула.
Гьеб лахIзат лъазе кIвани, кIудияб хIинкъи гьечIо,
Амма дагьалъ кватIани, ккола гьелъул кIичIикье.
Короче коллегаби, цохIо дару, цо сабаб-
Катил гарбида базе гьаракь кIудияб цIумур!
ЦIехезе ккола жакъа, цо къвакIараб дерзкий гIункIкI
Къавмалъего кIвар бугеб кIудияб иш тIубазе.
Гьеб суал тIубанани -тIокIаб хабарго гьечIо,
ТIамила рахIаталда РахIманас кьурал къоял.

***

Лъаларо тIубарабищ гIункIкIаца бакIаб амру,
Амма рахIатаб гIумру РахIманас гьезий кьечIо.

«КIУДИЯВ» РЕГIУН ГЬЕЧIО....

Халкъалъе хъулухъалъе
Рищулел хIакимзаби,
Рищун хадур халкъни щиб,
Халикъги кIочон тола.

Халкъ азие щибизе,
Мандат кодобе щвейгун,
Щивасда хьолбохъ чIола
ХIелхIелчагIи камилал.

Гьасий бицунеб хабар,
Гьури-мучалъул кутак!
Бищун тIоцебесеб жо-
Кабинет къачIа-кIатIай.

Хадур рахъун киназго
Охрана хIадурула,
ХIехь гIадав чанго залим
НуцIил кIалтIа кIусула.

БотIролъ щибго жо гьечIеб
Бахъун чIараб къулагIи-
Буйрухъ кьун буго асий
Жанив чи виччагеян.

ВачIанщинасе жаваб,
КечI гIадинаб камилаб-
КIудияв регIун гьечIо,
Ишазулъ тIерхьун вуго.

ТIаде калам гьабуни,
Мускулазда квер хъвала,
Нагагь гьебги гIечIони,
Ярагъ чвархъизабула.

Радал, къаси, къойилго
ХIелхIелчагIазул къукъа
Гьасул кIалдир балагьун,
Буйрухъазухъ гIащикълъун.

ХIалтIул агъаз бугев чи
Цо аскIов виччаларо-
Щолеб-толеб жоялъул
РикIкIен лъалев гурони.

ХIалтIи бичIчIуларев ав,
ГIарцухъ босараб хъулухъ,
Кинахун ав ургъаниги,
Пикру капказде уна.

КумекчагIи ахIула,
Вагъула, гъулгъудула-
Гьалги гьасулго тайпа-
ТоргIо ккколезул отряд.

Гьединан кунеб буго
ХъантIарал бацIаз улка,
БоцIилъун халкъги рикIкIун,
РикIкIенги тIубан къосун.

Гьал бетIер гьечIел гарбал
Нилъеда тIад ругони,
Киредайха нилъ щвелел
Щиб жодайха бихьилеб?



БАЗАРАЛДАСА ТЕЛ ТУКЬУЛИЯСУЛ

-Алло,алло, КIудияй,
КIалъалев вуго дуде-
Дуца тIадкъарабщинаб
Щванилан ккола жакъа.

Къокъаб калам,кинабго
Базар свера-гелана
Нагагь гьоркьоб хутIараб
Хал гьабе бугищали.

Хирияй, тIаса лъугьа
Дур макьу хвезабунин-
Босараб нигIмат-тIагIам
ТIолго рехсела Дуе:

КIиго ратIа гьаналги,
ГьитIинаб хъап чакрилги ,
Чанго кило нахулги,
Лъеберабго хоноги.

Лъималазе-лимонад,
Якьадалъе-хъухъанчед
БетIерчIахъаяй Дуе-
Шоколадазул ящикII

КIочон жо хутIанадай
БакъалхIаги лъаларо,
БетIерги сверун буго,
Бохдулги собон руго.

-Бакъул унти щвагийин
Щибго лъаларев ахIмакъ
ЦIале кодобги босун
Дуцаго хъвараб «даптар»

Долда гурищ букIараб
БагIараб пер,помидор,
Постелалде баччунеб
МахI гьуинаб «Маккофе»

Майонезги кетчупги-
Кваниe тIагIам кьолеб,
КьурупицIги пюреги-
Пири дуда речIчIаяв

Хъварабщинаб жо босун,
ХъващтIан рокъове вачIа
Хъирис бараб хераб хъаз,
Хадуй дун ячIинчIого,

ХIукуматалъ дуй кьолеб
Цо выходнойги хвани,
Дуца гьабулебщинаб
ХIалтIи лъица гьабилеб?

Пиша гьечIеб къулагIи,
ГIакълу дагьаб гвангвара,
Малълъизе дун гьечIони,
ГIадада хвараб харкIас.

Эбел-инсуца дуда
ГIумруялъ жо малъичIищ?
Дудаса лъугьинчIеб жо
Ракьалда бижанадай.

Воржа хекко рокъове,
Мугъзада къайиги чIван,
Къадеквен дий кватIани
БукIунин бакIаб гизма.



ГЬУДУЛЛЪИ

Газета гIуцIарал:
Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив

Учредители:
Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

РЕДАКТОР
ГI. ГIУМАХАНОВ

Жавабияй секретарь
З. ГIумарова

Отделалъул редактор:
Ш. Лабазанов

Мухбирзаби:
М.ГъазимухIамадов
П. Дибирова
П. Чупалаева

Корректор:
П. МухIамадова

Фотокорр.
Ш.МуртазагIалиев

Наборщица
П. Эльдарова

Верстальщица
А. Назирбекова

Программист
А. Ибрагьимова

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.
Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.
Регист. ПИ № 10 - 4614

Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

С 29 ЯНВАРЯ ИЗМЕНЯЮТСЯ РАЗМЕРЫ ГОСУДАРСТВЕННОЙ ПОШЛИНЫ…

Доводим до вашего сведения, что в соответствии с Федеральным законом от 27 декабря 2009 года №374-ФЗ изменяются размеры государственной пошлины уплачиваемой при обращении в подразделения Госавтоинспекции для совершения юридически значимых действий.

Так, с 29 января 2010 года государственная пошлина будет составлять:

- за государственную регистрацию транспортных средств и совершение иных регистрационных действий, связанных:
  * с выдачей государственных регистрационных знаков на автомобили, в том числе взамен утраченных или пришедших в негодность,-1 500 рублей (в настоящее время-400 рублей);

с выдачей государственных регистрационных знаков на мототранспортные средства прицепы, тракторы, самоходные, дорожно-строительные и иные самоходные машины, в том числе взамен утраченных или пришедших в негодность-1 000 рублей (в настоящее время-200 рублей);

* с выдачей паспорта транспортного средства, в том числе взамен утраченного или пришедшего в негодность-500 рублей (в настоящее время-100 рублей);

с выдачей свидетельства о регистрации транспортного средства, в том числе взамен утраченного или пришедшего в негодность-300 рублей (в настоящее время-100 рублей);

* за временную регистрацию ранее зарегистрированных транспортных средств по месту их пребывания-200 рублей (в настоящее время государственной пошлиной не облагается);
* за внесение изменений в выданный ранее паспорт транспортного средства-200 рублей (в настоящее время-20 рублей);
* за выдачу государственных регистрационных знаков транспортных средств «Транзит», в том числе взамен утраченных или пришедших в негодность;
* изготавливаемых из расходных материалов на металлической основе, на автомобили-1 000 рублей (в настоящее время-400 рублей);
* изготавливаемых из расходных материалов на металлической основе, на мототранспортные средства, прицепы, тракторы, самоходные дорожно-строительные и иные самоходные машины-500 рублей (в настоящее время -200 рублей);
* изготавливаемых из расходных материалов на бумажной основе-100 рублей (в настоящее время-50 рублей);
*за выдачу свидетельства на высвободившийся номерной агрегат, в том числе взамен утраченного или пришедшего в негодность-200 рублей (в настоящее время-50 рублей);
* за выдачу талона о прохождении государственного технического осмотра, в том числе взамен утраченного или пришедшего в негодность-300 рублей (в настоящее время-30 рублей);
* за выдачу международного сертификата технического осмотра, в том числе взамен утраченного или пришедшего в негодность-300 рублей (в настоящее время государственной пошлиной не облагается);
* за выдачу национального водительского удостоверения, удостоверения тракториста-машиниста (тракториста), в том числе взамен утраченного или пришедшего в негодность изготавливаемого из расходных материалов на бумажной основе-400 рублей (в настоящее время-100 рублей);

изготавливаемого из расходных материалов на пластиковой основе-800 рублей (в настоящее время-200 рублей);

* за выдачу международного водительского удостоверения, в том числе взамен утраченного или пришедшего в негодность-1 000 рублей (в настоящее время-100 рублей);
* за выдачу временного разрешения на право управления транспортными средствами, в том числе взамен утраченного или пришедшего в негодность-500 рублей (в настоящее время-60 рублей);
* за выдачу свидетельства о соответствии конструкции транспортного средства требованиям безопасности дорожного движения, в том числе взамен утраченного или пришедшего в негодность-500 рублей (в настоящее время-50 рублей);
* за выдачу учебным учреждениям свидетельств о соответствии требованиям оборудования и оснащенности образовательного процесса для рассмотрения вопроса соответствующими органами об аккредитации и о выдаче указанным учреждениям лицензий на право подготовки трактористов и машинистов самоходных машин-1000 рублей (в настоящее время-500 рублей);
* за выдачу специального разрешения на движение по автомобильной дороге транспортного средства, осуществляющего перевозки (за исключением транспортного средства, осуществляющего международные автомобильные перевозки);

опасных грузов-800 рублей (в настоящее время-400 рублей);

Тяжеловесных и (или) крупногабаритных грузов,-1 000 рублей (в настоящее время-500 рублей)

Одновременно с этим отменяется государственная пошлина за выдачу или продление срока действия акта технического осмотра транспортного средства за выдачу свидетельства о допуске транспортного средства к перевозке опасных грузов, за выдачу отличительного знака участника международного дорожного движения, за выдачу физическому лицу справки, подтверждающей получение водительского удостоверения, удостоверения тракториста-машиниста (тракториста) или временного разрешения на право управления транспортными средствами:за прием квалификационных экзаменов на получение права на управление транспортными средствами теоретического и практического.

Департамент ОБДД МВД России.
(при использовании материалов ссылка на официальный сайт ГИБДД обязательна).

ОБЪЯВЛЕНИЕ

Администрацией муниципального образования «Ботлихский район» принято решение о ликвидации с 1 января 2010 года муниципального учреждения «Управление по закупкам и поставкам». Для этой цели создана ликвидационная комиссия, к которой до завершения процесса ликвидации перешли все полномочия по управлению предприятием.

Исходя из этого, ликвидационная комиссия предлагает всем физическим и юридическим лицам, имеющим какие – либо претензии к ликвидируемому учреждению, обратиться в ликвидационную комиссию в течение двух месяцев со дня опубликования данного объявления.

Место нахождения ликвидационной комиссии – здание администрации МО «Ботлихский район», кабинет отдела по управлению муниципальным имуществом и землепользованию на первом этаже тел. 2-23-25.

Председатель ликвидационной комиссии Х. Хайбулаев

Редакциялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго ГъазимухIамадов МухIамадрасулида гьесул хирияй ЭБЕЛ хвеялда бан.
Алжан насиблъаги гьелъие.

Редакциялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Абакарова ПатIиматида гьелъул эбелалъул вац ДАРБИШХIАЖИ хвеялда бан
Алжан насиблъаги гьесие.